



KONNEN DWA OU YO

Enfòmasyon pou Moun yo sou Fason pou yo Kominike avèk Otorite Imigrasyon oswa Lapolis

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral sou dwa ou genyen nan peyi Etazini. Li **pa** bay konsèy jiridik. Lwa ak pwosedi yo ka chanje. Pale ak yon avoka ki gen lisans sou sitiyasyon espesifik ou an.

Si Yo Kanpe Ou nan yon Espas Piblik, Men ki Dwa Ou Genyen:

- **Dwa pou mande pyès idantite.** Ou ka mande ajan an non li, badj ak ajans li.
- **Dwa pou rete an silans.** Ou pa oblije reponn kesyon sou estati imigrasyon ou ni kote ou fèt la. Ou ka di, “Mwen chwazi rete an silans.”
- **Dwa pou mande si w lib pou ale.** Si ajan an di wi, ou ka ale tèt frèt.
- **Dwa pou di, “Mwen pa bay konsantman pou yon fouy.”** Pa reziste fizikman.
- Dwa pou mande yon entèprèt si ou pa konprann Anglè.
- **Dwa pou mande pou kontakte oswa enfòmè anbasad oswa konsila peyi w la.**

Enpòtan: Si w pa yon sitwayen ameriken, ou gen plis pase 18 lane, epi ou gen dokiman imigrasyon ki valid, lwa federal la mande pou w mache avèk yo (pa egzanp, yon kat rezidans oswa I-94). Si yo mande w yo, ou ka oblije montre yo. Sitwayen ameriken yo pa oblije mache avèk dokiman ki pwouve sitwayènte yo.

Si Ajan yo Vini Lakay Ou:

- Ou **pa** oblije ouvri pòt la.
- Ou ka mande ajan yo idantifye tèt yo epi di ajans yo.
- Ou ka mande yo pou yo glise nenpòt manda anba pòt la oswa montre li nan yon fenèt.
- Ajan yo bezwen yon **manda yon jij** siyen pou yo antre lakay ou san otorizasyon ou.
- Si yon jij pa siyen manda a oswa si li pa endike bon non ak adrès ou, ou ka refize yo antre.

Si Ajan yo Antre Lakay Ou:

- Pa reziste fizikman.
- Di aklè, “Mwen pa bay konsantman pou nou antre”.
- Mande pou pale ak yon avoka.
- Pa siyen okenn dokiman san ou pa pale ak yon avoka anvan.

Si Yo Kenbe Ou:

- Ou gen dwa rete an silans.
- Ou gen dwa pou mande yon avoka oswa rele fanmi ou. Ou gen dwa pou yon avoka vizite ou pandan w nan gadavi a.
- Ou pa oblije reponn kesyon yo san yon avoka pa la.
- Ou gen dwa pou mande yon entèprèt.
- Pa siyen dokiman ou pa konprann.
- Fè ajan yo konnen si ou se prensipal moun k ap okipe yon timoun.
- Di ajan yo sa si w genyen nenpòt pwoblèm sante.

Pwoteje Tèt Ou kont Magouy Imigrasyon

- Pran konsèy sèlman nan men avoka ki gen lisans oswa reprezantan imigrasyon akredite ki reprezante ou. Ou kapab chèche avoka ki gen lisans nan Pennsylvania nan lyen sa a: <https://www.padisciplinaryboard.org/for-the-public/find-attorney>.
- Pran prekasyon ak “notarios” oswa “konsiltan imigrasyon” ki pa gen otorizasyon pou pratike dwa.
- Toujou mande yon akò alekri ki eksplike sèvis ak frè yo.
- Pa bay okenn moun dokiman orijinal yo sof si sa nesesè epi toujou kenbe kopi yo.

Rapèl Enpòtan

- Enfòmasyon sa yo aplike pou moun ki nan peyi Etazini kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo.
- Lwa ak pratik aplikasyon lwa yo kapab chanje.
- Pou konsèy jiridik, kontakte yon avoka imigrasyon ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite.

Resous Adisyonèl

Si ou kwè y ap vyole dwa ou, kontakte yon avoka oswa sèvis polis ki nan zòn ou an. Ou kapab jwenn moun ki bay èd jiridik ak lòt resous enpòtan nan [PA Navigate](http://www.panavigate.org) (www.panavigate.org). Annik mete kòd postal ou a epi klike sou kategori Advocacy and Legal Aid (Defans Dwa ak Èd Jiridik) la.

